

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Anapon kacindekan tina ieu hasil panalungtikan nya éta:

- a) Kamampuh awal (pratés) siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina nulis karangan narasi téh katangen rata-rata peunteunna nya éta 6,18. Kamampuh nulis karangan narasi dina pratés, nya éta saméméh ngagunakeun média lagu, hasilna acan nyugemakeun. Masih kénéh loba siswa anu can mampuh dina hal nulis karangan narasi. Dumasar kana aspék meunteun karangan, masih aya kakuranganna boh dina aspék kualitas jeung lingkup eusi boh aspék karangan séjénna saperti organisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wangun gramatikal, éjaan, jeung karapihan tulisan.

Kamampuh ahir (pascatés) siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina nulis karangan narasi téh katangen rata-rata peunteunna nya éta 7,27. Katitén aya parobahan tingkat kamampuh siswa nulis karangan siswa. Hasil karangan anu bisa kasebutna geus nyugemakeun téh katitén tina siswa nu leuwih merhatikeun sarta ningkatkeun deui nulis karanganana dumasar kana

aspék-aspék karangan nu geus aya. Ku kituna kakurangan sarta kasalahan-kasalahan dina pratés geus ngurangan. Dumasar kana hal éta ngaronjatna kamampuh siswa sabada ngagunakeun média lagu dina nulis karangan narasi.

- b) Aya bédana anu signifikan antara kamampuh awal (pratés) jeung kamampuh ahir (pascatés) sabada ngagunakeun média lagu, katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung pascatés anu nuduhkeun yén $t_{hitung} > t_{tabel}$ (12,11 > 2,62). Ku kituna hipotésis ieu panalungtikan nya éta média lagu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung bisa ditarima.
- c) Pangajaran nulis karangan narasi ngagunakeun média lagu pikeun ningkatkeun kamampuh nulis siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung téh éféktif.

5.2. Saran

Dumasar tina hasil panalungtikan, baris dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangpaat pikeun kamajuan sakola dina mekarkeun stratégi diajar ngajar hususna dina kaparigelan nulis narasi.

Saran-saran saperti di handap ieu.

- 1) Siswa sawadina ningkatkeun deui kamampuh nulisna, sabab nulis mangrupikeun salah sahiji aspék kaparigelan basa anu bisa ningkatkeun kamampuh tur poténsi anu aya dina diri siswa.

- 2) Guru kudu leuwih kréatif dina milih média pangajaran nu luyu jeung matéri anu baris ditepikeun, sangkan kamonotonan diajar hususna dina pangajaran nulis bisa ngurangan. Patalina jeung ieu panalungtikan, hal di luhur téh bisa mangaruhan kana kamampuh nulis siswa.
- 3) Siswa masih ngabutuhkeun bingbingan ti guru pikeun méré motivasi sangkan bisa ngarangsang siswa dina nepikeun aktivas laku basa kayanig usul, midangkeun gagasan, pangalaman, kahayang, jeung sajabana sacara tinulis ngaliwatan tulisan.
- 4) Dipiharep hasil ieu panalungtikan jadi motivator pikeun panalungtikan séjén, hususna dina garapan pangajaran nulis.

